



## Franceline Maria D. Theoc

January 8, 1947 - September 5, 2023

Rien ne me donne plus de joie que d'apprendre que mes enfants marchent dans la vérité. - 3 Jean 1: 4

Reverend Père, Membres de la famille  
Filles et Fils de Mme Joseph André Duroseau

Nous sommes rassemblés autour de la dépouille d'une grande dame Mme Joseph André Duroseau née Franceline Maria Theoc. Née à l'Île de la Tortue un 8 janvier 1949 et décédée le 5 septembre 2023 à l'âge de 74 ans. Mariée à Mr Joseph André Duroseau décédé tantôt deux ans, ils ont donné naissance à 10 enfants et 17 petits enfants. Franceline Maria Theoc te gin 3 bofils, 5 belle filles, 4 sers, 3 bofrers, 5 neices, 7 nefeu.

Tu pars bien trop tôt et ta disparition nous rappelle comme une évidence que nous finalement bien peu de choses et qu' il faut profiter de chaque seconde. J'ai d'ailleurs apprécié chaque seconde passée à côté de toi chère maman. Toi : Mme Andre, Mandjous, baz, lakay se tout nom sa yo nou te ba ou et nou te fyè pou nou te relew konsa paskew pat selman yon manman menw te yon zanmi, yon kôkôday, yon konplis. Ou te travay trè di pouw te fe edikasyon nou, ou te gason et fanm alafwa, soley, lapli pat few pè , move tan konn pranw

sou dlo men yonn nan bagay sa yo pat ébranlé w menm. Map pozew yon kesyon eskew te konn Sak te rele fatig lan menm? Non ou pat janm konn sa yon jou. Ou te Telman renmen nou ou sakrifye tout ou menm pou nou. Nan jenès ou paranw yo te vle w kite ayiti pou rantre nan peyi etranje ou di yo non ou Pap pati kite pitit ou. Mo sa nou te pranl ak tout kè nou et nou te fe fyète w tou. Nou grandi avek tout lanmou ou te ban nou et nou remet ou lanmou sa nan few voyaje nan peyi etranje. Et se la nan peyi sa yo rele Miami an pou nou menm yon tè modi, pasketè sa vin aprann ou rayi, tè sa vin aprann ou déteste tout Sak te bon ki te nan rasin ou, et se menm tè sa ki metew Kotew ye la. Nou modi jou ou te pile pyew nan peyi sa yo rele Miami an paske peyi sa fè w pèdi tout lanmou ou te Gen nan kèw , few pèdi vrè idantitew, nou regret sa anpil paske anvanw tè vini nan tè modi sa ou te konn viv pou nou et ou te tande nou tout paske se nou menm ki te Mariw et zanmiw an menm tan. Yonn nan bagay ki fem tris anpil sèke yo te itilize inosans ou, konfians ou ak jenerozitew. Mes frères et soeurs ici présents, croyons, nous avons eu- la meilleure des mamans et nous en sommes fiers. Mandjous, lakay, baz Moin, afè pam, c' est dur de te voir partir définitivement vers la demeure éternelle. Impossible d'oublier la bonne mère extraordinaire que tu étais. Nous regardons de toi tes fous rires, ta generosite et ton extreme gentillesse. Mamman nou te gin bon ker li te rinmin tout moun se lel mouri an nou jouinm anpil moun kap temoigne sa mamman nou te fer pou yo sa se yon blessing paske se pa yon parol ou fasil tande na bouch moun. Mammam nou te gin 10 petit min lel lap separe manje li fer 20 plates ler nou mande'l pouki lot 10 plat sa yo li reponn nou timoun pa mandem koze pran plat pa nou yo ale pa fouye granmoun. Mammam nou pat selman yon mammam li'te yo zanmi tou, nou pale nepot pawol avek li, pat gin koze granmoun timoun, li toujou ap ri, bay blag, mammam nou pa fache konsa, lel fache, konnin moun sa fer lil trop min ak tout sa li pap kinbe faché a pou anpil tan. Mammam no te moun tout moun li toujou pare pou hede tout moun na bezoin, li maké tan li epi memoir li ap rete grave nan ke nou. Si se vre jodia li pa la anko nou dwe viv é asepte disparision sa kom destin inevitab lejom depi lanmo fe pati lavi. Nou Konnin li

tre difisil pou asepte disparisyon yo moun ki che anpil pou nou eke nou renmen anpil ki se yon mammam, yon zanmi, li di anpil oui. Min Kitem di nou che paran ak zanmi kitem di nou mammam te byen viv lavil, li te ere gade jodia 7 pitit li kanpe pou antere li pou kont nou lap rete vivam nan ke nou, sim ta vle pale de mammam nou m'pap janm fini, min nou espere ke parol nou yo te dekri grandam sa kite mammam'm kite fanmay, kite zanmi, kite bianfam. Mete vwa nou ak vwa pa nou ansamm pou nou dil bon voyag. Ké nanm li repoze anpé.

# Cemetery Details

## Caballero Rivero Woodlawn West

14001 NW 178th St  
Miami Lakes, FL 33018

# Previous Events

## Service

OCT 13. 12:00 PM (ET)

The Cathedral of St. Mary  
7525 NW 2nd Ave  
Miami, FL 33150-3529  
(305) 759-4531

# Tribute Wall



“ 4 files added to the album Memories Album



St. Forts Funeral Home - October 11, 2023 at 12:09 AM